*Ассаламу гІалайкум!*

# ГЬУДУЛЛЪИ

№ 68-69
(9615-9616)

2014 соналъул
*19 сентябрь*

*РУЗМАН*

*БОЛЪИХЪ РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА*

## НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪИ-АРМИЯЛЪУЛГИ ХАЛКЪАЛЪУЛГИ ЦОЛЪИЯЛЪУЛЪ

# ЧІахъаги Дагъистан, чІахъаги Россия!

**Ассалам гІалайкум, балъхъадерил жамагІат!**

**Ассалам гІалайкум, Дагъистаналъул жамагІат!**

**Ассалам гІалайкум, Россиялъул жамагІат!**

Жакъа, Россиялъул ва Дагъистаналъул тІолалго тушбабазе квещдание, нилъеца кІодо гьабулеб буго Болъихъ, ЦІумада, Цияб Лакалда ва тІолабго Россиялдаго халкъазда гьоркьосел хъачагъал щущахъ риххизариялдаса 15 сон тІубай

Гьеб кІодо гьабулеб буго Болъихъ, щай абуни гьаниб байбихьи лъедал Россиялъул пачалихъ цІи гьабиялъе, гьаниб загьирлъидал, Совет Союз биххаралдаса букІинчІеб, Армиялъулги халкъалъулги цолъи.

Ва гьеб кинабго гьабуна вукІинесев миллияв цевехъан, Россиялъул Президент В.В.Путинил нухмалъиялда гьоркь.

Путиница Болъихъ байбихьана нилъер ВатІан хвасар гьабиялде, Россиялъулаб пачалихъ щула гьабиялде, нилъер киназулго къадру борхизабиялде жиндирго нух ва



гьанже Россия рикІкІуна дунялалдаго бищун къуватал пачалихъазул цояблъун.

РакІалде щвезабе Болъихъ рагъ букІараб заман. ГІаданги хадув гьоларел структураби, кутакалда захІматаб хІалалде ккараб армия, анцІгогІан соналъ Чачаналда унеб ва кин чІезабилебали лъаларев рагъ. Хъачагъазда ракІалда букІана Россиягун цІияб рагъ байбихьизе ва гьел хьулазда рукІана жидер рахъ ккелин гІемерисел бакІазда ва Россиягун кІудияб рагъ букІинин. Гьединлъидал ополченцазул бахІарчилъи, солдатазулгун генералзабазул бахІарчилъи гьеб букІана Россиялъул пачалихъ цІи ва щула гьабиялъе лъураб байбихьи. Ва нахъеги бихьизабизе бокьун буго: гьеб кинабго хурхараб буго Владимир Владимирович Путинида.

Нилъеца гьел соназда гІемерал чагІазе кьуна шапакъатал ва кьуна мустахІикъал рукІиналъ. ГІемерал генералзаби, офицерзаби, нилъер дагъистаниял рахъана Россиялъул БахІарзаллъун. 160-ялдасаги цІикІкІун чиясе щвана Бихьинчилъиялъул орденал ва цогидалги шапакъатал. Амма дица гІажаиблъи гьабулеб буго цо гьадинаб жоялда. Гьалго щинал соназда шапакъатал кьуразда гьоркьов щай гьечІев Россиялъул Президент В.В.Путин? Щай щибаб нухалъ нилъеда БетІерав командующий кІочон толев? Гьединлъидал дица хІукму гьабуна Владимир Владимирович Путинье «За заслуги перед Республикой Дагестан» абураб орден кьеялъул хІакъалъулъ Указалда гъулбас гьабизе.

Нужеца киназго рахъ кколеб бугищ гьеб дир хІукмуялъул?

*Ахир 2 гьум.*

# МагІуги рохелги жубараб байрам

Берцинго ретІа-къарал гІадамазги, къватІахъ киса-кирго чІварал суратазгун батІи-батІиял игІланазги, Россиялъулгун Дагъистаналъул байрахъазги цо батІияб берцинлъиги нурги кьолеб букІана араб щамат къоялъ Болъихъ райцентралъе.



Байрамалде данде кколеб гІадаб, роцІцІараб, гвангъараб къоги бачІана, талихІалъ.

ГІисиназулги чІахІиязулги аваданал гьаркьазги, гьоркьоб-цебе рагІулеб музыкаялъги кодоб босун букІана тІолабго сверухълъи.

Циндаго гІажаибаб сихІкъотІи лъугьана гІадамазда гьоркьоб.

«ГІабдулатІипов вачІунев вуго, доле ваккана»,- ян цоцазе рохел бицун гаргадизе лъугьана гІадамал.

ХІакъикъаталдаги, Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул минаялда цересан раккун рачІана Дагъистан Республикаялъул бетІер Рамазан ХІажимурадович ГІабдулатІиповги гьесда цадахъ МахІачхъалаялдаса рачІарал гІемерал гьалбалги.

*Ахир 3 гьум.*

## НИЛЪ ГЬАЗДАСА ЧІУХІУЛА



**ХІ.НурахІмаев, Россиялъул БахІарчи**



**М. Хъазаналипов, Россиялъул БахІарчи**



**Д.МухІамадов, Россиялъул БахІарчи**



**ГІ.ГІумаханов, Халкъияв БахІарчи**

# НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪИ-АРМИЯЛЪУЛГИ ХАЛКЪАЛЪУЛГИ ЦОЛЪИЯЛЪУЛЪ

# ЧIахъаги Дагъистан, чIахъаги Россия!



*(Авал 1-гьум.)*

Цо-цояз абулеб букIана гьеб гьабизе хIажат гьечIилан. Дица абулеб буго кутакалда хIажат бугилан.

Гьелдаго цадахъ нилъеца баркала загьир гьабизе ккола дол захIматал соназ республикаялъе нухмалъи гьабулев вукIарав МухIамадгIали МухIамадовасеги. МухIамадгIали МухIамадовичасул хIаракатаб хIалтIуца ва Дагъистаналъул ХIукуматалъ къабул гьарурал хIукмабаз рес кьуна ополчение гIуцIизе, гьелъул къуват цолъизабизе. Гьев вукIана нилъгун ва гьелъухъ кIудияб баркала гьесие тIолалго дагъистаниязул рахъалдасан.

Хириял гьудулзаби! Дагъистан гьеб букIана Чачаналъ унеб букIараб рагъул хадусеблъун.

Чачаназул халкъ анцIгогIан соналъ къеркьана террористазде данде. Амма халкъазда гьоркьосел гъачагъал лъугьана цо-цо чачаназул ва рикIкIен гIемерал дагъистаниязул нухмалъулеллъун. Гьеле гьезда цадахъ жидерго ракьалде рокьукъаб рагъгун рачIана дагъистаниял. Цебеккун киданиги букIинчIо гьединаб хIужжа Дагъистаналда. Гьел чагIаз абадиялъего лъуна жидедаго рогьодул чIегIераб тIанкI.

Гьединлъидал жакъа нилъеца лъазабулеб буго нилъ чачаназул ва цогидалги миллатазул халкъалгун цадахъ ругилан.

Чачаназул тIоцевесев Президент АхIмад-хIажи Къадировасулгун гIемер ккола-ан гьелда тIасан нижер хабар ва гьес рагьараб къагIидаялъ тIаса лъугьайиланги гьарана нилъер халкъалда, гIадатияб чачан халкъалъул гьениб кинабгIаги мунагь-гIайиб букIинчIониги.

Гьединлъидал гьеб рагъул къучIалда миллатазда гьоркьоб гьогьен ккезабизе бокьарал чагIазул къасдал нахъчIвазе, гьукъизе ккола нилъеца.

Болъихъ, ЩIумада ва цIияб Лакалда рукIарал рагъулал лъугьа-бахъиназулъ бищун цIикIкIараб гIахьаллъи букIана Россиялъул солдатазул, офицерзабазул, генералзабазул ва гIурус халкъалъул. ГIемерал камиял ккана гIурус халкъалъе Россиялъул намус цIунулаго, Дагъистаналъул намус цIунулаго.



Даимаб рецц гIурус халкъалъе!

Хириял гьудулзаби! Гъачагъазда ракIалде ккун букIана, Дагъистаналъул гIорхъи бахарабго, нилъеца гьезул рахъги ккун, Россиялде данде рагъ байбихьилин. Амма гьел хьулал хIорго хутIана тушбабазул.

БитIараб буго, дагъистаниялги чачаналги киназдасаго цIикIкIун рагъана гIурус пачаясул низамалде данде. Амма гьелдаго цадахъ, кIудияв Имам Шамилил васияталда рекъон, нилъеца гьа гьедана даимго гIурус халкъгун ракълида ва цадахъ рукIине.

Хириял гьудулзаби. Бищунго захIматаб заманалда нилъ цадахъ рукIана. Нилъеца къезаруна къватIиса тушбаби. Амма нилъеца «гIезаруна» гIемерал жанисел тушбаби. Гьез хIатта гьаб берзе? Щайгурелъул нижеца хIаракат бахъидал хIукуматалъ риччарал гIарцулал сурсатал щибаб объекталде щвезаризе.

Нужецаго хIисаб гьабеха жакъа щиб хIалалде школал, училищаби, вузал ккун ругелали.

Дагъистаналда батана дипломал ричулеб 62 филиал. Гьединлъидал Дагъистаналда аза-азар чагIи руго дипломалгун, амма хIалтIуде восизе лъай бугев специалист гьечIо. Гьеле гьеб буго Россиялде, Дагъистаналде данде гьабулеб битIахьегояб агрессия. Щай абуни, гьанже заманалда щибниги пайда букIунарелъул лъай гьечIел чагIазул. Нилъ рукIине ккола лъай бугел гIадамаллъун, нилъ рукIине ккола культура бугел гIадамаллъун. Культураги лъайги абуни ахIарал гьенлъиялдаса пайда босунгицин чIвадаризе, бикъа-хъамизе, гIадамал гуккизе байбихьана.

В.В.ПутинилхIаракаталдалъун Дагъистаналде риччарал гIемерал гIарцулал сурсатал щвезе ккoлеб бакIалде щвечIо, улкаги республикаги ккана кутакаб кризисалде.

Жакъа нилъее хIажат буго цоцалъ гъункизе В.В. Путинида, республикаялъул нухмалъиялда сверухъ гъункизе ва нилъерго республикаялъул цебетIей букIинабизе.

Жакъа нижеца, бахIарчияб балъхъадерил халкъалъе сайгъат хIисабалда, рагъулеб буго садик. БакI ккун букIадго абилин: 1,5 лъагIалида жаниб республикаялда 5 азарго лъимадуй садикалда бакI гIуцIизе кIвана, бан кьуна 35-ялдаса цIикIкIараб лъай кьеялъулаб обект, 35-ялдаса цIикIкIараб медициналъулаб объект. Щайха кIвараб гьедин гьабируго чиясул напс цIунизе. Ва нилъ къеркьани, доб 1999 соналъ террористаздаса гIадин, нилъерго напс цIунизе, гьеб мехалъ нилъеда гьоркьоса цонигияв ине гьечIо рохьахъе, цонигияв вагъизе гьечIо жамгIияталде данде, цонигияс чIвазе гьечIо цониги чи.

Жакъа нилъеда цебе чIараб аслияб масъала ккола гIагараб Дагъистан бацIцIад ва цIи гьаби. Цадахъ лъугьун ва рекъон хIалтIани, нилъеда кIола гIагараб Дагъистан Россиялъул Федерациялъул субъектазда гьоркьоб бищунго цебетIураблъун ва щивав чиясе рахIатаб, парахатаб, ракълилаб гIумру тIамизе тIолалго ресал ругеблъун гьабизе.

Дагъистаниязда рагьизе гуребги, магIишат-яшав гIуцIизеги лъала.

**ЧIахъаги Дагъистан!**

**ЧIахъаги Россия!**

**ЧIахъаги миллияв цевехъан В.В. Путин!**



# МагIуги рохелги жубараб байрам

(Авал 1-гьум.)

КватIичIого киналго данделъана халкъазда гьоркьосел хъачагъазда тIад бергьенлъи босаралдаса 15 сон тIубаялъул тадбиралде.



Къокъабго цебераггIигун гьеб рагьарав Болъихъ районалъул бетIер М. ПатхIулаевас кIалъазе рагIи кьуна Рамазан ГIабдулатIиповасе.

-Ассалам гIалайкум, Балъхъадерил жамагIат!

Ассалам гIалайкум, Дагъистаналъул жамагIат!

Ассалам гIалайкум, Россиялъул жамагIат!

Жакъа, Россиялъул ва Дагъистаналъул тIолалго тушбабазе квешдание, нилъеца кIодо гьабулеб буго халкъазда гьоркьосел хъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 15 сон тIубаялъул байрам,-илан абуна республикаялъул бетIерас, данделъаразе ракI-ракIалъулаб саламги кьун. -Гьаниб Болъихъ байбихьана, тушбабиги нахъе хъамун, Россия цIи гьабиялъул хIалтIи. Гьаниб Болъихъ якъинго загьирлъана, Совет Союз биххаралдаса тIагIун букIараб, халкъалъулги Армиялъулги цолъи. Гьеб кинабго гьабуна нилъер вукIинесев миллияв цевехъан ва Россиялъул Президент В. В. Путинил пнухмалъиялда гъоркь



Жиндирго кIалъялда Дагъистаналъул нухмалъулес ракIалде щвезаруна 1999 соналъул пашманал лъугьа-бахъинал, балъхъадерил, Дагъистаналъул ва тIолабго Россиялъул гIадамазул кIудияб бахIарчилъи, къвакIи ва къо хIехьей.

Хъачагъазда ракIалде ккун букIанила дагъистанияз жидер рахъги ккелин, гьел Россиягун рагъдеги рахъинин. Амма гьел хIалихьатал хьулал ритIухълъичIоила тушбабазул. Цо чияс гIадин цIунанила Дагъистаналъул халкъаз хирияб ВатIан-Россия.

ГIемерал чагIазе щванаила 1999 соналъул лъугьа-бахъиназулъ бихьизабураб къвакIиялъе гIоло хIукуматалъул шапакъатал, амма нилъеца биччанила цо гъалатI-нилъеда кIочон танаила бищун хIажатаб мехалда вачIун Болъихъегун нилъеда хьолбохъ чIарав нилъерго миллияв цевехъан Владимир Владимирович Путин.

КватIун букIаниги. жинца гьеб гъалатI битIизабулеб бугилан, республикаялъул бетIерас цIалана В.В.Путиние «За заслуги перед Республикой Дагестан» абураб орден кьеялъул хIакъалъулъ жиндирго Указ.

Гъугъаб хъатчIваялдалъун къабул гьабуна Рамазан ГIабдулатIиповасул гьеб гали данделъарал киназго.

Хадуб гьес тIадчIей гьабуна жакъа республикаялда бугеб ахIвал-хIалалда, нилъер гIумруялъулъ дандчIвалел гIемерал гIузрабаздагун унтабазда, Дагъистан бацIцIад ва цIи гьаби мурадалда республикаялда тIоритIулел жигарал тадбиразда.

Трибуналде вачIарав Россиялъул БахIарчи Гъодобериса ДибирхIажи МухIамадовас къокъго бицана 1999 соналъул балагьал лъугьабахъиназул ва киназдаго баркана рохелги пашманлъиги жубараб байрам.

Хадув кIалъазе вахъана 1999 соналъул лъугьа-бахъиназул халкъияв бахIарчи, ополченцазул Дагъистаналъул регионалияб гIуцIиялъул нухмалъулев полициялъул полковник ГIумахан ГIумаханов.

ЛъикIаб, гIадамазе рекIее кIудияб асар гьабураб жиндирго кIалъаялдаса хадуб ГI. ГIумахановас рахъ ккуна В. Путиние шапакъат кьеялъул.

-Бищун захIматал къояз нилъеда цадахъ вукIана Владимир Владимирович. Гьеб хIужжаялъ чанго нухалъ цIикIкIинабуна гIадамазулъ тушманасда тIад бергьенлъи босизе букIараб таваккал. Дир хIисабалда, В. В.Путин мустахIикъав вуго Россиялъул БахIарчиясул цIар кьезе,-йилан абуна ГIумахановас ва республикаялъул бетIерасда гьарана гьединаб



хIаракатчилъигун цеве вахъайилан.

Байрамалда кIалъазе рахъана, гьединго, августалъулал лъугьа-бахъиназул гIахьалчIужу, орденалъул кавалер тохтур Загьра Асадулаева, Болъихъ №1 гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан, ТОКСалъул член ГIумархIажи ГIумаров, дол соназда районалъул бетIерлъун вукIарав МухIамад ГIумархIажиев.

Киназего асар гьабуна Украиналъул Донецк шагьаралдаса Дагъистаналде лъутизе ккарав(беженец) цIалдохъан А.Ражабовасул кIалъаялъ..

Митингалдаса хадуб букIана кIудияб концерталъулаб программа. Районалъул Культураялъул хIаракатчагIаз бихьизабуна Россиялъул БахIарчи АнсалтIаса ХIажимурадил хвалда цебесеб бахIарчилъиялъул бицунеб сценка.

Хадуб сверухълъиго кодобе босана магIарулазул унго-унголъунги халкъияй кочIохъан Хадижат Жамалудиновалъул хIасратаб, рекIел щибаб бокIнилъе бортулеб кочIол гьаракьалъ. Даимго гьелъухъ урхъарал ракьцоязе гьеб къоялъ рес щвана урхъи нахъ буссинегIан кочIохъаналъухъ гIенеккизе.

Культураялъул тадбирал лъугIигун Рамазан ГIабдулатIиповги гьалбалги ана росабазул администрацияз гIуцIарал майданазде.

ХIанчIил рахъ хутIизегIан хутIанщинаб гьарзаго чIезабун бугоан гьениб.

ГIандадерил мохмохалдаса байбихьараб, хьиндалазул гени-гIечалде щвезегIан кванил нигIматазул хIалбихьизе рес щвана гьалбадерие….

Хадур Рамазан Г1абдулат1иповги районалъул бет1ер Мух1амад Патх1улаевги ана рагъулаб шагьаралде ва дандч1вана 1999 соналъул рагъда россал,вацал,васал хварал руччабигун.

Ахиралде щвана, рохелги магIуги цоцалъ жубараб, гьеб байрамалъул тадбирал.

ЧIахъаги халкъазул цолъи, чIахъаги Дагъистан, чIахъаги Россия ва гьелъул миллияв цевехъан Владимир Путинилан такрар гьабулеб букIанин ккола мугIрузул дандерижиялъ.

***ГIУМАХАН ГIАНДИЙСКИЙ***



# НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪИ-

## БЕРГЬАНА НИЛЪЕР ГЪУНКИ, ГЪУНАР ВА ПАТРИОТИЗМ

*(Районалъул бетIер М. ПатхIулаев)*

ХIурматияв Рамазан ХIажимурадович, мунгун цадахъ ругел ва хириял тIолалго гьалбал!

Жакъа Болъихъ районалъул ракьалда буго кIудияб байрам! Нилъеца кIодо гьабулеб буго 1999 соналъ районалде тIаде кIанцIун рукIарал халкъазда гьоркьосел гьачагъал щущахъ риххизарун нахъе гъуралдаса 15 сон тIубаялъулаб юбилей.

Гьеб къо нилъее календаралъулаб тарих гуро бугеб, гьеб ккола таварихиябгун жамгIияб ва политикияб лъугьа-бахьинлъун.

Районалъул тIолалго гIадамазул цIаралдаса кIудияб рохалида ва хIурматалда салам кьола ва къабул гьарула нуж! Нужее гьарула щулияб сахлъи, талихI, киналго рахъазулаб битIккей ва нижер ракьалда нужер ракIазе парахалъи ва рохалилаб ахIвал-хIал.

1999 сональул 7 абилеб августалъул рогьалил гIужалда, бетIералда Басаевгун ва Хаттабгун, 2 азариде гIунтIун халкъазда гьоркьосел гьачагъал жанире лъугьуна районалъул территориялде. Сверун ккола АнсалтIа, РахатIа, Шодрода, Зибирхьали, Беледи ва хадуб ТIандо росаби.

Дагъистан Республикаялъул Пачалихъияб Советалъул 1999 соналъул 9 августалда къабул гьабураб хIукмуялда рекъон, районалъул тIолалго росабалъ жидецаго жалго цIуниялъул ополченцазулал отрядал гIуцIана. Гьезие квен-тIех хIадуриялда рукIана руччаби. Гьоркьор гIемер къоял инчIого районалде рачIана республикаялъул шагьараздасагун районалдасан ополченцалги.

Гьединго, нилъер улкаялъул тахшагьар Москваялда гIуцIун букIана Дагъистан Республикаялъул рахъккеялъул тIолгороссиялъулаб комитет. Гьелъие нухмалъи гьабулеб букIана доб заманалда РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутатлъун вукIарав Р. ГIабдулатIиповас.

Районалда букIараб рагъулаб лъугьа-бахьиналъулъ бергьенлъиялъулаб хиси ккана РФялъул ХIукуматалъул бетIерлъун В. В. Путин ккарабго ва гьелъие гIаммаб нухмалъи гьес кодобе босун хадуб.

Гьеб рагъул аслияб кIасиллъун ккола, КIудияб ВатIанияб рагъул заманалдаса хадуб букIинчIеб гIадаб, армиялъулги халкъалъулги цолъиги,



ВатIаналде бугеб рокьиги, улкаялъул рагъухъабазул, милициялъул хIалтIухъабазул, 1999 соналъул гьеб лъугьа-бахьиналъул гIахьалчагIазул, нилъер гIолилазул бихьинчилъиги, хIинкъи гьечIолъиги гъунарги ва тIадегIанаб патриотизмги загьирлъи.

Гьеб рагъ лъугIун хадуб, гьелъул хIаракатав гIахьалчи армиялъул генерал Виктор Германович Казанцевас абуна: «Армияги, милицияги ва цогидал къуваталъулал структурабиги цадахъ къеркьолел рукIана цого масъала тIубазабизе. Амма гьениб киданиги бергьенлъи босизе букIинчIо Дагъистаналъул халкъалъул кумек букIинчIебани. Лъиданиги ва киданиги кIвезе гьечIо дагъистаниял накабазда чIезаризе»,-ян.

Гьеб рагъда бихьизабураб патриотизмалъе гIоло анлънусгоялдаса цIикIкIун чиясе щвана пачалихъиял шапакъатал.Гьезда гьоркьор руго аскариялги, милициялъул хIалтIухъабиги, ополченцалги, руччабиги.

Къокъабго заманалда букIаниги, гьеб рагъалъзарал кIудияб гьабуна. ТIубанго ракьалде сверизабуна ТIандо росу. ГIемерал риххизарунал рукIана АнсалтIа, РахатIа, Шодрода росабалъ.

1999 соналъул 27 абилеб августалда районалде вачIарав РФялъул ХIукуматалъул Председатель В. В. Путиница, районалъул гIадамазул митингалда кIалъалаго, рагIи кьуна рагъалъ бихизабурабщинаб цIи гьабизе. Гьеб рагIи гьес нравственнияб борхалъиялда ккезеги ккуна. Амма кигIан нилъее бокьичIониги, рецIун бажарударел камиялги хутIана. Гьеб ккола ВатIаналъе гIоло къураб 101 чиясул рухI. Гьел цIакъго цIикIкIун рукIана аскариязда гьоркьор-76 чи.

Гьодобери росулъай Нупайсат МухIамадтIагьировалъул 2 вас чIвана ва лъабабилев захIматго лъукъана.

Жакъасеб тадбиралда гIахьаллъи гьабулеб буго августалъулаб рагъда васал тIагIарал Россиялъул регионаздаса хьизамазул вакилзабазги.

Щвараб ресалдаса пайдаги босун, районалъул тIолалго гIадамазул цIаралдаса нужее цойги нухалъ загьир гьабулеб буго ракI-ракIалъулаб зигара ва гьарула нужер васал, гьанже нилъер васал, цIунизе кIвечIолъиялдаса тIаса лъугьаян.

Нижер гIадамазе бокьун букIинчIо нужер гIолохъанал васал рагъде риччазе. Гьел хIадурал рукIана гьел васал жидецаго хисизе. Амма аскариязул законалда рекъон гьеб данде ккечIо. Нижжакъаги гIодулел руго гьезда хадур.

Нижеца жакъаги баркала загьир гьабулеб буго гьеб рагъулъ гIахьаллъаралщиназе, хасго генералал Казанцевасе, Булгаковасе, Шамановасе. Нижеда гьеб киданиги кIочене гьечIо. Гьез гьениб бихьизабураб бахIарчилъиялъги ВатIаналде бугеб рокьиялъги гьанжесеб гIелалъе квербакъулеб буго ВатIаналъе ва гьелъул хIинкъигьечIолъиялъе гIоло ракIбацIцIадго хIалтIизе.

Жакъа улкаялда жанирги ва гьеб тун къватIирги камулел гьечIо Россиялда ахIвал-хIал хIалуцинабизе къеркьолел цо-цо къуватал. Амма гьезда кIочонел руго нилъер бахIарчияб таварихги ва жиндирго цевехъанасда сверухъ нилъер халкъалъул цолъиялъулги гъункиялъулги мисалал.

Нилъер халкъалъ тIубанго рахъ кколеб буго нилъер гIумру бацIцIадгун цIи гьабиялдеги, рухIияб цIилъиялдегун тIегьаялдеги балагьараб улкаялъул Президент В. В. Путиницаги нилъерго республикаялъул бетIер Р. ГIабдулатIиповасги билълъанхьизабулеб бугеб политикияб курсалъул.

Хириял гьудулзаби!

1999 соналъ Болъихъ районалде жанире лъугьун рукIарал гьачагъал щущахъ риххизарун нахъе гъуралдаса 15 сон тIубаялда бан тIобитIулеб митинг рик1к1уна рагьараблъун!

## УЛКАЯЛЪУЛГО ХАЛКЪАЛЪЕ ГЬАРУЛА РАКЪЛИЛАБ ВА ТАЛИХIАБ ГIУМРУ

*(Россиялъул БахIарчи ДибирхIажи МухIамадов)*

ХIурматияв Рамазан ХIажимурадович, хIурматиял рохалилаб данделъиялъул гIахьалчагIи!

Нилъ ракIарун руго нилъер республикаялде ва нилъер гIемермиллатазулаб халкъалде тIаде рачIун рукIарал дол захIматал къоял цойги нухалъ ракIалде щвезаризе. АнцIила щуго сон цебе нилъер районалде тIаде кIанцIун рукIана халкъазда гьоркьосел хьантIарал хьачагъал.

Щибаб гIелалде тIаде ккола жиндирго рагъ, жиндирго хIалбихьи. Гьез гьезул ракIазулъ тола гIемерсоназ сахлъуларел рагъал. Гьел хьачагъазул бетIераб мурадлъун букIана Россиялдасан Дагъистан батIа гьаби ва республикаялда конституциялъулаб гIуцIи биххизаби.

Хьачагъазул бутIрузул ракIчIун букIана бакIалъулал гIадамаз жидер рахъ ккелин. Амма хьачагъазде данде тIоцересел къоязго гьабураб унго-унгояб бахIарчияб халкъалъул дандечIеялдасан гьезда бихьана жидерго хъубал планал гIумруялде рахъине гьечIеллъи. Баянаб букIахъе, хьачагъазул къаби, аслиял



къуватал тIаде щвезегIан, жидедаго тIаде босана полициялъул хIалтIухъабаз ва щокъроре щвезегIан яргъид гIуцIарав тушманасде данде бахIарчияб къеркьей гьабуна.

Гьединго, нилъерго районалъеги, республикаялъеги ва улкаялъегоги захIматал къоязда районалъул гIадамазги гьабуна гьачагъазде данде унго-унгояб къеркьей, бихьизабуна бахIарчилъи ва тIадегIанаб патриотизм.

ТIоцебесеб иргаялда, кIудияб баркала буго улка хьачагъаздасан цIунулаго гьезул васаз бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ва гъунаралъухъ.

Тушманасда тIад бергьенлъи босиялъулъ аслияб бутIа лъуна федералиял рагъулал ва жанисел рагъулал къуватаз гьабураб террорисмалде дандечIеялъулаб операциялъ.

Болъихъ районалъул гIасрабазулаб таварих бечедаб буго бахIарчиял ишаздалъун. Гьелъ гIезаруна республикаялдаги улкаялдагоги машгьурал пачалихъиялгун жамгIиял хIаракатчагIиги, гIалимзабиги, лъаялъулгун сахлъи цIуниялъул, культураялъул хIалтIухъабиги ва спортсменалги.

Гьалмагъзаби, 15 сонилаб юбилеялда хурхун ракI-ракIалъулаб барки къабул гьабе, дол августалъулал рагъулал ишазул хIаракатав гIахьалчи Россиялъул МВДялъул оперативияб управлениялъул начальник, полициялъул генерал- лейтенант Виктор Васильевич Ракитинилги ва диргоги!

ТIолалго дагъистаниязеги ва РФялъул тIолалго граждаваназеги гьарула рекъел ва цебетIей, талихI ва икъбал, щулияб сахлъи ва гIакъиллъи, сабру ва гъунки.

# АРМИЯЛЪУЛГИ ХАЛКЪАЛЪУЛГИ ЦОЛЪИЯЛЪУЛЪ

## ДАГЪИСТАН НАКАБАЗДАСА БОРХУЛЕБ БУГО

*(ГIумахан ГIумаханов, Ополченцазул Дагъистаналъул регионалияб гIуцIиялъул нухмалъулев)*

Дагъистаналъеги тIолго Россиялъеги захIматал дол къояз дида тIаде ккана ополченцазе бетIерлъи гьабизе.

ГIемераб бицана дол къояз Болъихъ ва ЦIумада ккарал лъугъа-бахъиназул, дие бокьун буго цоги нухалъ ракIалде щвезабизе кин «къабул гьарурал» Дагъистаналъул халкъалъ ахIичIого рачIарал гьалбал.

ТIадегIанал кабинетазда чиновниказ Дагъистан нилъедаса батIалъанин кколилан абун рагIидал, гьелъ дагъистаниязе цIияб къуват кьуна жидерго ракь цIунизе. Дагъистаналъ абуна жиндирго рагIи. Гьаниб жакъа гIемер рехсана районалъул ополченцазул. Дие бокьун буго кIудияб баркала кьезе тIолго дагъистаниязе гьезул патриотизмалъухъ.

Дол къояз Россиялъул ХIукуматалъул нухмалъулев В.В.Путин районалде вачIиналъ дагъабги гьира борхизабуна халкъалъул жидерго ракь цIунизе. Районалъе хIинкъи бугеб захIматаб заманалъ вачIана гьев, рахъ ккуна халкъалъул.

Дол лъугъа-бахъиназдаса хадуб Болъихъ ва ЦIумада районазул гIадамаз, жидерго данделъабазда хIукмуги гьабун, Госсоветалъул председателасде ва Россиялъул Президентасде хитIаб гьабун букIана В.В.Путиние «Россиялъул БахIарчи» абураб цIар кьеян. Нижеца гьеб суал цIидаса борхулеб буго. Ополченцазул, дол къояз орденал-медалал щваразул, кинабго халкъалъул хьул буго, Дагъистаналъул нухмалъулесул кумекалдалъун, цебе гьабураб жидер хIукму гьанжегIаги гIумруялде бахъилин ва Путиние «Россиялъул БахIарчи» абураб цIар кьелин.



Дагъистаналъул бицани, дунго гIумру гьабун республикаялда гьечIониги, бихьулеб буго гьеб цIилъулеб букIин, гьеб накабаздаса борхулеб букIин. РукIарал квешал рахъал дагь-дагькkун гьоркьоса тIагIунел руго, парахатаб гIумру гьабулеб буго халкъалъ. Гьеб кинабго бараб буго Дагъистаналде цIияв нухмалъулев вачIиналда.

Дие абизе бокьун буго, Рамазан ХIажимурадович, жакъа ниж мунгун ругин.

ТIаде рачIарал гьалбадериеги кьезе бокьун буго кIудияб баркала. Нилъер ракь цIунулаго васал хварал улбузда цере къулула нижеца бутIрул. Гьел кидаго кIочон тезе гьечIо нижер халкъалда, гьал мугIрузда ва абадиялъего хутIизе руго гьел нижер ракIазулъ.

КIудияб баркала гьанире рачIизе рес рекъечIезеги, Россиялъул солдатазеги, офицерзабазеги, генералазеги. Нижеда гьел кIочон гьечIо ва кIоченеги гьечIо.

Баркала буго гьадинаб байрам тIобитIиялъухъ районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаевасеги.

**ЧIахъаги Дагъистан,чIахъаги Россия!**

## ДАИМАБ РЕЦЦ НУЖЕЕ, ВАТIАНАЛЪУЛ БАХIАРЗАЛ!

*(З. АСАДУЛАЕВА,тохтур, орденалъул кавалер)*

**ХIурматияв Рамазан ХIажимурадович!**

Хириял гьалбал!

ТIоцебесеб иргаялда, ихтияр кье дие районалъул киналго руччабазул рахъалдасан баркизе халкъазда гьоркьосел хъачагъал нилъер районалдаса нахъе гъуралдаса 15 сон тIубай!

Болъихъ район ккола бахIарчиял, хIинкъи-къай гьечIел ва захIмат бокьулел гIадамаз гIумру гьабун бугеб тIабигIат берцинаб ракь.

Нилъер умумуз кидаго гIахьаллъи гьабулеб букIана Дагъистаналъул халкъалъул къисмат хисизабулел ишазулъ ва гьезул наслуги унеб буго гьебго умумузул нухдаса.

Гьелъие нугIлъи гьабула халкъазда гьоркьосел хъачагъал гIагараб ракьалдаса рачахъулаго районалъул гIисиназги чIахIиязги бихьизабураб бахIарчилъиялъги гъункиялъги. Гьедин гьабиялъ кIвана Дагъистаналъул ва Россиялъул цолъи цIунизе.

Россабазда, васазда, вацазда хьолбохъ рахъун чIун рукIана бах1арчиял руччабиги.

Райцентралда заманаялъ рагъун букIана солдатазе, ополченцазе ва беженцазе хинаб квен кваназе бакI (столовая).

Къойида жаниб азаргоялде гIагарун чи кваназарулел рукIана гьенир хIалтIулел руччабаз. Гьез хIадур гьабураб тIагIамаб кванидаса кидаго рази рукIунаан Россиялъул ОМОНалъул рагъухъаби ва ополченцал.

Нилъер Дагъистан хъачагъаздасан цIунизе рачIарал гIурус солдатазе, гьезул улбуз ва яцаз гьабизе букIаралдасан дагь гьеч1еб хъулухъ гьабулеб букIана гьез

Медицинаялъул хIалтIухъан хIисабалда рагIи абичIого гIоларо нилъер больницаялъул медперсоналалъул хIакъалъулги.



Рагъулал тунка-гIунсиял байбихьарал тIоцересел къояздаса нахъего райбольницаялъул хIалтIухъаби хIалтIулел рукIана хIухьбахъи гьечIого, тIубараб сордо-къоялъ. Унтарал регизарулаан Кьохъ больницаялда. ЗахIматго лъукъаразе операция гьабизе гIуцIун букIана махщел камилал тохтурзабаздасан гIуцIараб лъабго бригада.

Рагъулал тунка-гIунсиял унеб заманалда жаниб 400 ялдасаги цIикIкIун унтарасе щвана жиндир заманаялъулаб медицинаялъулаб кумек. РукIанацо-цо лахIзатал нижецагоги кодобе ярагъ босизе ккараб.

РекIее кутакалда захIматаб асар гьабулеб букIана беразда цебе гIолохъанал васазул рухI бахъулеб мехалъ.

Цере чIарал захIмалъабазе къуркьичIого, цогидал ополченцалго гIадин, медицинаялъул хIалтIухъабиги гIагараб росу, район, Дагъистан ва Россиялъул цоголъи цIунизелъун, щулияб сангарлъун чIана.

Хириял гьалмагъзаби!

Эбелалъе лъимер камиялдаса кIудияб къварилъи щибгIаги гьечIо. Жакъа къоялъги бадиса магIил гарал гирулел руго гьеб рагъда тIагIарал васазухъ, гьезул эбел Гъодобери росулъа Нупайсат МухIамадтIагьировалъул. Гьелъул ункъо васазда гьоркьоса кIиго васас абадиялъего берал къанцана ва лъабабилев захIматго лъукъана, рокьукъав тушманасдасан гIагараб ВатIан цIунулаго.

Жакъа нилъгун цадахъ йигей гьей эбелалъул бахIарчилъиялда, къо хIехьеялда ва къвакIиялда ракI бахиллъизе бач1уна..

Гьей, унго-унгояб къвакIиги къо хIехьейги рекIелъ бугей магIарулай лъугьана ВатIаналъул бахIарзазул улбузе мисаллъун.

Гьаб трибунаялдаса абизе бокьун буго рагъулал аскариязулги, ополченцазулги ва хъачагъазулги улбузул бадиса чвахулел магIил гаразул кьогIлъи бащадаб букIунин.

Дица бетIер къулула гIагараб ракь тушбабаздаса цIунулаго рухI кьурал ВатIаналъул васазда ва гьезул улбузда цебе.

Биччанте нужер ракI парахалъизе нужеца гьединал бахIарчиял, къвакIи бугел унго-унгоял ВатIаналъул патриотал гIезарун рукIиналдаса. Ниж киналго бецIизе кIолареб налъулаллъун руго нужеда ва нужер васаз бихьизабураб бахIарчилъиялда цере. Нижеда гьеб киданиги кIочене гьечIо.

Даимаб рецц нужее ВатIаналъул бахIарзал!

**Пусть мать не хоронит сына,**
**А сын за матерью идет!**
**Пусть будет миру исцеленье!**
**Пусть будет матери покой!**

# НИЛЪЕР БЕРГЬЕНЛЪИ-АРМИЯЛЪУЛГИ ХАЛКЪАЛЪУЛГИ ЦОЛЪИЯЛЪУЛЪ

## ВатIаналъе гIоло рухI кьуразе бетIер къулула

*(ГIумархIажи ГIУМАРОВ, Болъихъ №1 школалъул ц1алдохъан)*



**ХIурматиял байрамалъул гIахьалчагIи, хириял гьалбал, ополченцал, тылалда хIалтIарал!**

Хехго унеб буго заман.

15 сон т1убана Дагъистаналда халкъазда гьоркьосел хъачагъалгун букIараб рагъулъугIаралдаса.

ГIемер ракIалде щола балъхъадерида дол августалъул кьоязул лъугьа-бахьинал.

Дунги дир классцадахъалги ккола дол лъугьа-бахъиназул гIел бащадаллъун. Нижеда гьеб рагъул хIакъалъулъ лъана чIахIияз бицунги, ополченцазулгун рукIарал дандчIваяздасаги, рагъал рукIарал бакIазде гьарурал экскурсияздасаги, архивалда ругел материалаздасаги.

Нижер ТОКСалъул хIаракатчилъиялдалъун кIвана жеги щуго Россиялъул БахIарчи вукьараб ва гьез гIумру гьабураб бакI лъазабизе ва нижер квербакъиялдалъун гьел росана Болъихъ централда бугеб мемориалияб хьорщодеги.

Россиялъул БахIарзал Эдуард Сухунович Цеевасулгун ва ДибирхIажи МухIамадовасулгун нижер гьоркьоса кьотIичIеб бухьенги буго.

Дир ракьцоязулги, гьезие кумекалъе рачIарал Россиялъул солдатазулги, Россиялъул батIи-батIиял регионазда гIумру гьабун ругел ва районалде кьо ккараб мехалъ хIалае рачIарал районцоязулги гьунаралъулъ ва бахIарчилъиялъулъ букIана унго-унгояб патриотизм. Дун чIухIарав вуго дол кьояз киналго, цо чи гIадин, ополчениялъул кьерда чIарал учительзаби хIалтIулеб школалда цIалулев вукIиналдаса.

Болъихъ №1 школалъул лъабго выпускникасе щвана, хун хадуб, «Орден мужества».

ГIемерал гIолилал рукIана Россиялъул армиялъул офицерзабазда тушманасда лъаларел нухал рихьизарулел. «ХIамил гIин» борхалъудаги рукIана нилъер гIолилал, гIухьбузул ретIелги ретIун, Юрий Чумаковгун ва Игорь Хоменкогун цадахъ гьезда нух бихьизабулел.

Кинаб бахIарчилъи бихьизабураб нилъер улбуз!

Байбихьуда къадарго гIуцIун букIана квана-гьекъеялъул хIалтIи, рукIинчIо продуктал. ГIадамаз жидерго рокъоса щвезарулел рукIана ругел-гьечIел продуктал столоваялде. Халкъалъулги Армиялъулги букIана щулияб цолъи.

Дол кьоязул материалал хьирщулаго, нижеда батана В.В. Путинил интервью. Гьениб гьес абулеб буго: «Дун вертолеталдаса рещтIараб мехалъ сверун ккуна бихьиназ. Пулеметалъул лентабиги ран цоял, автоматалгун цоял, тункIалгун цоял ругоан гьел. Дида бичIчIана: гьанисан боевикал церехун ине гьечIолъи»,-ян.

Дида ккола, Дагъистанги дагъистаниялги дие жеги цIикIкIун рокьанилан Путиница абулеб мехалъ, гьеб балъхъадерил рахъалъ абураб батилин гьесилан.

Ополченцаз, солдатаз, офицерзабаз бихьизабураб бахIарчилъи ккола Балъхъадерил, Дагъистаналъул ва Россиялъул патриотазул бахIарчилъиялъул цо къатIра.

Нилъеда тIадаб налъилъун ккола ВатIан цIунаразул гьунар, кIочене течIого, рекIелъ цIуни.

## Дида дирго беразда бихьана рагъ

*(Донецк шагьаралдаса вачIарав гIолилав Арслан Раджабов)*



**ХIурматиял гьудулзаби!**

Дун кутакалда чIухIаравги вохаравги вуго халкъазда гьоркьосел хъачагъазда тIад бергьенлъи босараб юбилей нужеда баркизе рес щвеялдаса.

РакI-ракIалъ гьарула нужее киназего щулияб сахлъиги роцIараб зобги.

ГIумархIажил кIалъаялъухъ гIенеккун вукIадго, дида ракIалде ккана- гьесда рагъул хIакъалъулъ лъалеб буго лъица бугониги бицун яги цIалун. Дида абуни, рагъ бихьана дирго берзда, лъана гьелъул кьогIлъи.

Дун вачIана Украиналъул Донецк шагьаралдаса. Нужеда киназдаго лъала: гьениб унеб буго гражданияб рагъ. ЧIвалел руго гIадамал. Бищунго ракI гъанцIараб жо-холел руго гьеб рагъулъ гIисинал лъимал.

ГIемер рихьана, рагIана дида рихьулел, кьвагьулел гIарадабигун минаби. Гьеб кигIанги рокьукъаб жо буго. Биччанте нужеда кидаго бихьунгутIизе рагъул кьогIлъи.

Бокьун гьечIо рагъ!

Бокьун гьечIо рихьизе рухIарал школал, рукъзал, улбузул бадиб хулараб магIу. Дие бокьун буго абадиялъго тIагIине хъачагълъи, терроризм, рагъ.

Биччанте рагIизе дир гьаракь, рекъелги рихун, рагъ бокьаразда.

**ТIагIаги рагъал!**

**ЧIахъаги рекъел!**

## БАХIАРЧИ ТIАТУНА КЪО ККЕДАЛ

*(МухIамад ГIумархIажиев)*



**Ассаламу гIалайкум хIурматияб Болъихъ районалъул жамагIат!**

РакI-ракIалъулаб салам Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасеги.

Хирияв балъхъал, руччаби, ополченцал ихтияр цIунулезул хIалтIухъаби, вацал ва яцал! 1999 соналъ дун вукIана Болъихъ районалъул бетIерлъун. Дол боркьарал кьояз районалъул ополченцал рахъана гIагараб ракь цIунизе. Киналго руччаби, бихьинал батIалъи гьечIого данде рахъана тушманасде, гьезда цадахъ бахъана районалъул администрацияги. Гьеб кинабго бихьана В.Путинида ва гьес лъикIаб кьиматги кьуна нилъер халкъалъе.

Инсан лъала кьо ккараб мехалъ. Дол августалъулал кьояз гIумруялдаса ратIалъана 101 солдат. Цох1ого ругел васал камун чехь бухIана 101 гIурус эбелалъул. Шагьидлъана 28 ополченец. Болъихъ вахъана лъабго Россиялъул БахIарчи:. АнсалтIа росулъа Нурах1маев ХIажимурад-ункъо тушманги чIван тушбабазе жаваб кьурав , ГIанди росулъа Хъазаналипов МуртазагIали - Александр Матросовасул бахIарчилъи жинца бихьизабурав, Гъодобери росулъа ДибирхIажи МухIамадов. Дица гьарула киналго рагъда шагьидлъаразул, чIваразул хIурматалда минуталъулаб сихIкьотIи гьабейилан.

Расул ХIамзатовасул руго гьадинал рагIаби:

Щуне ниж гьерсаздаса
Щуне ниж мацIалдаса
Щуне ниж яргъидаса
Щуне ниж рагъалдаса

Кье нижей бацIцIадаб зоб
Кье роцIараб дуниял
Кье хъахIилал ралъадал
Кье тIадегIанаб гIумру

Гьале балъхъадерица кьуна нилъее роцIараб зоб жакъа.

Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповас абулеб буго бацIцIалъи ва цIилъийилан.. РацIцIад гьаре ракIал. Гьеб кколаро цо кьоялъулаб хIалтIи. Жакъа Дагъистаналъул бетIерас хIалтIи гьабулеб буго Олимпийскияб режималда рекъон. Гьеб лъазе ккола нилъ киназдаго. Цоги абизе бокьун буго нилъер ракьалда хварал гIурус солдатазе абадияб рецц бугин. Гьезда цадахъ рахъун чIана нилъерго гIолохъаби ополченцалги. Ва жакъа кьоялъги хIадуралги руго гьел гьезда цадахъ бокьараб Россиялъул точкаялда ккараб кьо борхун рахъун чIезе. В.В.Путиница абуна «Россия кидаго бачIине буго нужее кумекалъе »,- абун.

Дидаго бихьана 1999 соналъ нилъер ополченцазул ВатIан бокьиги, цолъиги, гъункиги. ЧIахъаги Путин, ЧIахъаги Рамазан! Нилъ унел руго ракълиде ва цебетIеялде. Ин ша Аллагь гьедин букIинеги букIина.

# программа



# ПОДСТАНЦИЯЛДА ЦIИЯБ САДИК

БацIцIадаб гъаваги, цIорораб иццги, сверухъ гIурччинлъиги бугеб подстанциялда аскIоб бан рагIалде бахъана «Родничок» абун цIар бугеб садик. БитIахъего санатория гIадинаб бакI лъугьун бугоан гьениб. КIитIалаяб минаялда лъикIаб ремонтгун киналго санагIалъабиги ругел рукъзалги, маргъудалъ гIадин къачIараб гьитIичазул азбарги. Гьеб киналъго ахIулеб бугин кколаан«Хошгелди, гьитIичал!»,-абун.

Гьединан 1 сентябралъ рагьана «Родничок» садикалъ 100 гIанасев гьитIичасе жидерго нуцIби. Официалияб къагIидаялъ садик рагьана 13 сентябралъ.

Гьеб гьитIичазеги улбузеги аслияб байрамалде рачIун рукIана Дагъистан Республикаялъул БетIер Рамазан ГIабдулатIипов, Лъай кьеялъул министр ШахгIабас Шахов, Сахлъи цIуниялъул министр Танка Танкаев,нилъер районалъул бетIер МухIамад ПатхIулаев.

Байрам рагьана районалъул бетIер М. ПатхIулаевас. Жиндирго кIалъаялда ПатхIулаевас бицана лъай кьеялъул, садикал раялъул суалазде Дагъистаналъул бетIерас кьолеб кIваралъул,гьев вачIаралдаса республикаялда ккарал хиса-басиязул. Хадуб районалъул бетIерас рагIи кьуна Рамазан ГIабдулатIиповасе.

-РакI-ракIалъ баркула киназдаго гьаб берцинаб байрам.

Нижеца аслияб кIвар буссинабулеб буго лъай кьеялъул, сахлъи цIуниялъул, садикал рагьиялъул суалазде. Гьале исана гIуралго садикал рагьана Дагъистаналда



ва рагъулелги руго. АнцIанцI улбузе рес щвезе буго жидерго лъимал садикалде кьезе,-янги абун,- республикаялъул нухмалъулес садикалъе телевизорги расанкIабиги сайгъат гьаруна.

Рамазан ГIабдулатIиповасдаса бугеб жидерго разилъи загьир гьабун, гьитIичазги берцинал тIугьдузул кьвацIиги кьуна гьесие.

Гьединго баркалаялъул рагIи абун кIалъазе яхъана садикалъул заведующая ПатIимат ИзмагIилова.

-Дун йохарай йиго гьаб байрамалда нуж къабул гьаризе щвеялдасан. Гьалеха тIаде щвана улбузеги лъималазеги аслияблъун кколеб ва тIолабго росдаего рохеллъун лъугьараб, цIияб садик рагьулеб къо. Районалъул гIадамазул, улбузул, садикалъул хIалтIухъабазул цIаралдасан бокьун буго баркала кьезе Республикаялъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасе ва садик рагьизе кумек гьабурал киназего. Нижецаги нижерго рахъалдасан рагIи кьолеб буго тIолабго бажариги, лъайги, къуватги лъималазе тарбия кьеялъул хIурматияб ишалъе хIалтIизабизе. ХIаракат бахъила гьел гIагараб ракь бокьулеллъун, гьудуллъи гьабизе лъалеллъун ва хирияб ВатIаналъеги халкъалъеги пайдаяллъун гIезаризе.

Гьелдаса хадуб Рамазан ГIабдулатIипов садикалда лъималазе гIуцIун ругел шартIазул хал гьабизе минаялде жаниве лъугьана, улбузулгун гара-чIвари гьабуна.

*З.МУХIАМАДОВА.*



# Дагъистан цIуни-гьеб ккола Россия цIунилъун

Байрамалъул ахиралда Республикаялъул бетIер щвана рагъулаб шагъаралде ва гьенив данд чIвана августалъулал лъугьа-бахъиназул заманалда хварал солдатазул умумулгун ва гIагарлъигун…

-Халкъазда гьоркьосел хъачагъазда тIад бергьенлъи босигьеб ккола Дагъистаналъеги Россиялъеги кIвар бугеб лъугьа-бахъинлъун. Гьеб бергьенлъи босаралдаса 15 сон тIубай кIодо гьабизе буго 15 сентябралъ МахIачхъалаялдаги,ахIула нуж киналго гьенир гIахьаллъизе,- ян абуна Р.Г1абдулат1иповас дандельаразда.

- Нижеда кIочон гьечIо г1агараб ВатIан цIунизе вахъарав цониги чи, хасго гьелъие г1оло жиндирго гIумру кьурал. Гьединлъидал гьел хваразул эбелинсуда, лъудбузда, лъималазда абизе бокьун буго: Дагъистан букIине буго нужее гIагараб ВатIанлъун, нужер рукълъун.

Ополченцаз кIудияб бахIарчилъи бихьизабуна дол кьояз, амма аслияб къагIидаялда бергьенлъиялъе квербакъи гьабуна Россиялъул солдатаз.

Дагъистан цIуни-гьеб ккола Россия цIунилъун. Дол кьояз Россиялъул 50-ялдаса цIикIкIун регионалъ кумек гьабуна Дагъистаналъе, кIудияб кумек гьабуна Федералияб централъ.

Доб замана данде ккана В.В.Путин Россиялъул ХIукуматалъул нухмалъиялде вачIингун. Гьелдаса хадуб лъикIаб рахъалдехун Россиялда ккана гIемерал хиса-басиял. Гьединалго хиса-басиял рукIине руго Дагъистаналдаги. Дагъистаниял лъикIал рагъухъаби гурелги, гьел ккола лъикIал хIалтIухъабиги, махщел чагIиги. ЦIилъила Дагъистанги.

Дол августалъулал лъугьа-бахъиназулъ Дагъистаналъул халкъалъул рахъ ккуна Путиница. Жакъа нилъеца гьесие кьураб орден- гьеб ккола Дагъистаналъул халкъалъ гьесие кьолеб кIудияб баркалалъун…

Гьелдаса хадуб Рамазан ГIабдулатIиповас рехсана Болъихъ жидер васал чIваразул киназулго ц1арал: Татарстаналдаса ЛатIиповазул, Шамсудиновазул хъизамазул, Буйнакскиялдаса Насрулаевазул, Горяниназул, Сидоровазул, Деревенскиязул, Молчановазул.

Гьезие киназего Республикаялъул бетIерас кIудияб баркала кьуна байрамалде рачIине ресги заманги батиялъухъ…

-Дол кьояз Дагъистаналдаса Россия бацIцIад гьаби. Риччанте нилъеда додинал кьоял тIокIалъ рихьунгутIизе, амма нилъ кидаго хIадурал рукIине ккола ккараб къо борхизе,-ян лъугIизабуна ГIабдулатIиповас жиндирго кIалъай.

Гьелдаса хадуб гьалбадерица кIудияб баркала кьуна республикаялъул ва районалъул бутIрузе Болъихъ чIварал гIолилалги гьезул гIагарлъиги кIочон течIолъиялъухъ ва жал гьеб байрамалде ахIаралъухъ.


Газета гIуцIарал: Болъихъ районалъул администрация ва редакциялъул коллектив

Учредители: Ботлихская районная администрация и коллектив редакции

БетIерав редактор ГI. ГIумаханов

Редакторасул заместитель А. Агъларов

Жавабияй секретарь З.ГIумарова

Отделалъул редакторал Ш. Лабазанов П. Дибирова

ГЬУДУЛЛЪИ
Тираж 1000

Мухбирзаби З.МухIамадова/М.ГIумаханова

Наборщица П. Эльдарова

Фотокорр. Ш.Муртазалиев

Дизайнер А. Назирбекова

Программист А. Ибрагьимова

Газета бицана редакциялъул компьютеразул цехалда, кьабуна ООО «Лотос» типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газеталъул регистрация гьабуна Югалъулаб округалъул регионазда гьоркьосеб бакIалъулаб управлениялъ. Регист. ПИ № 10 - 4614

Редакциялъул пикру кидаго гуро макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз.

Эл. адрес druzhba555@mail.ru